



## Pwogram Kredi Aryere Sipò Timoun - Akò Patisipan

### I. Enfòmasyon ak Obligasyon Kliyan yo

- (A) Mwen, \_\_\_\_\_, mwen se paran ki pa gen lagad la e mwen gen yon kont nan NYC Human Resources Administration, Office of Child Support Services (OCSS ak Depatman Sèvis Sosyal NYC (NYC DSS). Nimewo kont mwen (yo) se \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_. M ap aplike pou Pwogram Kredi Aryere Sipò Timoun (Arrears Credit Program, ACP). Akò sa a eksplike devwa mwen kòm yon patisipan nan pwogram sa a. Depi mwen siyen dokiman sa a, mwen dakò ak tout kondisyon ak obligasyon ki nan Akò a.
- (B) M ap patisipe nan pwogram sa a pou redwi, epi evantyèlman mete a zewo, aryere DSS NYC mwen yo (kantite dèt sipò timoun mwen dwe bay gouvènman an pandan pitit mwen yo t ap resevwa èd lajan). M ap toujou bezwen peye nenpòt pansyon pou timoun ke mwen dwe bay paran ki gen gad la (ki abite ak timoun nan (yo)) oswa nan nenpòt lòt Depatman Sèvis Sosyal andeyò Vil New York.
- (C) Mwen nan youn nan de (2) sitiyasyon sa yo:

Swa:

#### I. M ap peye yon lòd sipò nan moman an.

Patisipasyon nan pwogram nan ap kòmanse nan dat mwen gen pou peye pwochen sipò timoun mwen an epi l ap dire yon (1) ane apre mwen fin siyen Akò sa a. Pandan ane sa a, mwen dakò pou peye montan sipò timoun mwen dwe a chak mwa pou kont mwen. Si w manke yon peman, sa ka retire m nan pwogram sa a epi nenpòt kredi mwen te touche pou dèt sipò timoun mwen an ka pèdi.

#### OSWA

#### II. M ap peye sèlman dèt sipò timoun.

Patisipasyon nan pwogram sa a kòmanse lè mwen siyen Akò sa a epi l ap dire (1) yon ane apati dat Akò sa a. Pandan ane sa a, mwen dakò pou peye montan sipò timoun mwen an pou dèt mwen dwe sou kont mwen. Si mwen rate yon peman, yo ka retire mwen nan pwogram sa a epi nenpòt kredi mwen te touche pou dèt sipò timoun mwen an ka pèdi.

(Tounen paj la)

(D) Patisipasyon mwen nan pwogram sa a ka vo pou tout kont sipò timoun mwen genyen. Chak kont sipò pou timoun mwen yo ki gen yon dèt ki dwe NYC DSS pou tout tan, elijib pou resevwa jiska \$5,000 kredi si mwen konplete pwogram nan pou chak ka. OCSS pral ajiste administrativman dèt ki dwe NYC DSS pou tout tan an.

(E) Patisipasyon mwen nan pwogram sa a pa sispann lòt mezi ki pran pou fè aplike lalwa (konpansasyon ranbousman lajan taks). Peman ou resevwa kòm rezilta mezi ki pran pou fè aplike lalwa kapab diminye montan dèt pèmanan mwen dwe NYC DSS la. Montan kredi mwen resevwa a ap rive jiska montan dèt pèmanan mwen dwe NYC DSS la oswa \$5,000, sa ki plis la ladan yo a.

## **II. Enfòmasyon Finansyè**

Depi mwen siyen Akò sa a, mwen endike deklarasyon annapre yo konsènan istwa finansye mwen ak byen mwen yo kòrèk dapre tout sa mwen konnen:

- Kounye a mwen pa gen plis pase \$3,000 nan bank la.
- Mwen pa posede pwopriyete (tankou machin, bijou, oswa byen imobilye) ki vo plis pase \$5,000.

## **III. Lòt Enfòmasyon**

Patisipan nan pwogram sa a pa kapab moun ki te pran prizon pou krim kont yon timoun. Depi mwen siyen Akò sa a, mwen di mwen pa t janm ale nan prizon pou krim kont yon timoun.

## **IV. Rezilta Kliyan yo**

Si mwen reyisi patisipe nan pwogram sa a, lè mwen peye sipò pou timoun pandan douz (12) mwa youn apre lòt, OCSS dakò pou trete kredi a nan yon a de mwa apre rezilta a te reyalize. Si mwen gen yon sèl dèt, OCSS dakò redwi kantite sipò timoun mwen toujou dwe bay NYC DSS youn a de mwa apre yo fin resevwa peman yo pandan douz (12) mwa youn apre lòt.

Si mwen fini nan douz (12) mwa, epi mwen te fè peman yo a tan chak mwa, y ap re-enskri m nan pwogram nan otomatikman pou yon lòt ane pou redwi rès dèt mwen dwe NYC DSS, pou jiska twa (3) lane, sa ki vini anvan an.

Pou toujou kalifye epi resevwa kredi a, mwen dwe peye montan sipò timoun mwen dwe pou douz (12) mwa youn dèyè lòt pandan mwen nan pwogram nan, (menm si mwen resevwa ase kredi nan mwens pase yon (1) ane pou redwi montan sipò timoun mwen dwe NYC DSS la a zewo (0)).

Mwen pa kapab resevwa plis kredi pase kantite lajan ki afekte yon fason pèmanan pou sipò timoun mwen dwe NYC DSS la. M ap resevwa yon kredi aryere jiska \$5,000 sou chak dosye NYC DSS apre mwen fin peye obligasyon sipò timoun mwen genyen aktyèlman an pandan douz (12) mwa youn dèyè lòt pou chak dosye.

## V. Andòsman Kliyan ak Siyati

Mwen, \_\_\_\_\_, sèman ak afime, pandan mwen konnen gen sanksyon pou si mwen bay manti, enfòmasyon mwen te bay nan Akò Patisipan sa a pou Pwogram Kredi Areye Sipò Timoun nan vrè.

Mwen aksepte enskri nan Pwogram Kredi Aryere a epi mwen aksepte kondisyon yo. Mwen konprann Pwogram Kredi Aryere an ap kòmanse nan dat delè premye peman mwen pou sipò mwen an apre mwen siyen Akò sa a. Mwen dakò pou mwen peye obligasyon sipò timoun mwen an/yo alè chak mwa. Mwen konprann ke si mwen pa swiv kondisyon ki nan Akò sa a, ki gen ladan konfòmite ak tout lòd tribinal ak aparisyon tribinal yo, yo pral retire m nan pwogram sa a. Si yo retire mwen nan pwogram sa a, m ap pèdi nenpòt kredi aryere mwen te resevwa.

Lè mwen siyen akò sa a, mwen konprann e mwen dakò ak egzijans Akò Patisipan an pou Pwogram Kredi pou Sipò pou Timoun yo, epi mwen dakò ak kondisyon li yo jan sa endike pi wo a. Akò sa a egzekite apati dat ki siyen anba a.

Akò yo dwe gen yon foto oswa kopi yon kat idantifikasyon valab gouvènman te bay.

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran ki Pa gadyen an

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Reprezantan Otorize NYC DSS

\_\_\_\_\_  
Dat

(Tounen paj la)

**Pou w ranpli aplikasyon w lan, poste vèsyon orijinal siyen dokiman sa a, ansanm ak tout dokiman ki nesèsè yo, bay:**

**NYC HRA/OCSS**

**Attention: Arrears Credit Program**

**PO Box 830**

**Canal Street Station**

**New York, NY 10013**

**Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap?** Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou w konprann avi sa a oswa pou fè sa avi sa a mande a? Èske pwoblèm sa a fè li difisil pou ou pou w jwenn lòt sèvis nan Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) nan? **Nou ka ede ou.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou kapab mande èd tou lè ou al nan yon biwo HRA. Ou gen dwa pou mande kalite èd sa a dapre lalwa.